

Enstale

MIZAJOU LOJISYÈL

pou ranje **risk sekirite yo**

Mete ajou lojisyèl yo san pèdi tan pou sekirite

Lè nou wè yon alèt mizajou, anpil nan nou otomatikman klike “Sonje m pita.” Panse de fwa anvan w retade yon mizajou lojisyèl! Mete lojisyèl ajou se yon fason fasil pou rete pi an sekirite sou entènèt. **Pou fè li menm pi pratik, aktive mizajou otomatik yo!**

Aktive mizajou otomatik yo

Gade nan paramèt aparèy la, petèt anba Lojisyèl oswa Sekirite. Oswa chèche paramèt yo pou “mizajou otomatik yo.”

Mizajou Otomatik Yo.



Siveye notifikasyon yo




Se pa tout mizajou ki ka otomatik. Aparèy— telefòn mobil, tablèt ak laptop—ap fè nou konnen anjeneral nou bezwen fè mizajou. Li enpòtan pou enstale TOUT mizajou, espesyalman pou **navigatè entènèt ak lojisyèl antiviris.**



Enstale mizajou pi vit ke posib

Lè w jwenn enfòmasyon sou mizajou lojisyèl yo, espesyalman mizajou kritik, enstale yo pi vit posib. Kriminèl sou entènèt p ap tann kidonk nou pa ta dwe tou!



Poukisa li tèlman enpòtan pou mete ajou san pèdi tan

Si yon kriminel jwenn aksè antre nan yon aparèy atravè yon defo sekirite, yo pral chèche enfòmasyon pèsònèl ak done sansib pou eksplwate. Founisè teknoloji yo bay mizajou lojisyèl pou yo “patche” pwen fèb sekirite yo pi vit posib.

Si nou pa enstale yo, yo pa ka pwoteje nou!

Mizajou lojisyèl kapab tou:



Ranje Fay



**Amelyore
Pèfòmans**



**Enstale Dènye
Karakteristik**

Mete lojisyèl yo ajou se yon fason pou
Sekirize Mond Nou an.



Nou tout ka ede youn lòt

rete pi an sekirite sou entènèt, donk pataje konsèy sa yo ak yon manm fanmi oswa yon zanmi!

cisa.gov/SecureOurWorld